# INKLYUZIV TÁLIM TARAWÍNDAǴÍ KONSTITUCIYALÍQ REFORMALAR

**Aysulıw Reymova**
Nókis qalası 20-mektep oqıtıwshısı

**Rustem Omirzakov**
Oqıtıwshı-stajor, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

**Annotaciya**: Inklyuziv tálim - bul barlıq oqıwshılarǵa, olardıń qábiletleri hám sheklewlerinen qaramastan, teń múmkinshiliklerdi támiyinlewge qaratılǵan túsinik bolıp tabıladı. Sońǵı jıllarda inklyuziv bilimlendiriw tarawında barlıq oqıwshılar ushın jánede inklyuziv hám qollap-quwatlaytuǵın tálim ortalıǵın jaratıw maqsetinde zárúrli reformalar ámelge asırıldı.

**Gilt sózler:** Inklyuziv tálim, reformalar, teń múmkinshilikler, qollap-quwatlaw, máseleler

Inklyuziv tálim — mámleket siyasatı bolıp, mayıp hám salamat balalar ortasındaǵı tosqınlıqlardı saplastırıw, arnawlı tálimge mútáj balalar, (ayırım sebeplerge kóre mayıp bolǵan) óspirimler rawajlanıwda ushraytuǵın kemshilikler yamasa ekonomikalıq qıyınshılıqlarǵa qaramastan socialliq ómirge maslastırıwǵa jóneltirilgen ulıwma bilim beriw procesine qosıwdı ańlatiwshı tálim sisteması bolıp tabıladı. Inklyuziv tálim termini fransuzcha *"inclusif"* sózinen alınǵan bolıp *"óz ishine aladı"* degen mánisti ańlatadı. Inklyuziv tálimniń mánisi sonnan ibarat, psixik yamasa fizikalıq rawajlanıwda artta qalǵanlıǵı sebepli arnawlı járdemge mútáj bolǵan balalardan "mayıp" degen tamǵanı alıp taslap, normal rawajlanıwdaǵı balalar menen birge teń huqıqlılıqtı támiyinlew, jámiyetke tolıq maslastırıw, ámeldegi múmkinshiliklerinen paydalana alıwların támiyinlew maqsetinde ulıwma bilim beriw mektepleri sistemasında oqıtıwdan ibarat[1, B. 665]. Social ádalat ideyaları, Bala huqıqları haqqındaǵı konvensiya (BMSH, 1989 ) hám Salamanka deklaraciyası (YUNESKO, 1994) kóplegen Evropa mámleketleri inklyuziv tálimdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan siyasat hám ámeliyatlardı islep shıqtı.[2, B. 1]

Dúnyanıń kóplegen mámleketleri sıyaqlı, Ózbekstanda da arnawlı tálimniń uzaq dástúrleri ámelde bolıp, ol inklyuziv tálim principlerı hám ámeldegi ámeliyatın qabıllawda kórinetuǵın boladı. 2017-jıldan beri Ózbekstanda bul principler nızamshılıq dárejesinde bekkemlengen, atap aytqanda, Ózbekstan Respublikasınıń "Tálim haqqında"ǵı Nızamınıń 20-statyasında "Inklyuziv tálim

bólek tálim mútajlikleri hám individual múmkinshiliklerdiń túr-túrliligin esapqa alǵan halda barlıq tálim alıwshılar ushın tálim shólkemlerinde tálim alıwǵa bolǵan teń múmkinshiliklerdi támiyinlewge qaratılǵan. Fizikalıq, intellektual, sensor (sezim) yamasa psixik kemshilikleri bolǵan balalar (shaxslar) ushın tálim shólkemlerinde inklyuziv tálim shólkemlestiriledi.” - dep belgilengen [3]. Sonıń menen birge, 2017 — 2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes baslı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasına muwapıq Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020 -jıl 13-oktyabrdagi PQ-4860-san qararına kóre 2020-2025 jıllarda xalıq tálimi sistemasında inklyuziv tálimdi rawajlandırıw koncepciyasında bólek tálim mútajlikleri bolǵan balalarǵa kórsetiletuǵın tálim xızmetlerin sapasın jaqsılaw boyınsha tómendegi wazıypalar belgilendi:

- bólek tálim mútajlikleri bolǵan balalar tálim alatuǵın tálim orınları imaratlarına qoyılatuǵın talaplardı islep shıǵıw hám tastıyıqlaw;
- bólek tálim mútajlikleri bolǵan balalar oqıtılatuǵın tálim orınlarında zárúr ádebiyatlar, metodikalıq qóllanbalar, túrli kásiplerge oqıtıw ushın úskene hám úskeneler menen támiyinlewge qaratılǵan ilajlardı ámelge asırıw;
- bólek tálim mútajlikleri bolǵan balalardı oqıtıw ushın inklyuziv tálim sistemasın shólkemlestiriw, ulıwma bilim beriw mákemelerin arnawlı úskeneler (kóteriw apparatı, pandus, tutqısh hám basqalar), sonıń menen birge tiyisli kadrlar (arnawlı pedagog, balalardı psixik-pedagogikalıq baqlaw boyınsha qánigeler) menen támiyinlew;
- bólek tálim mútajlikleri bolǵan balalardıń iykemlesiwi hám integraciyası ushın mektep-internatların basqıshpa-basqısh arnawlı úskeneler menen támiyinlew hám basqalar. [4]

Jurtımızda 2023-jıl 30-aprel kúni ótkerilgen referendumda qatnasqan puqaralardıń 90, 21 procenti tárepinen yoqlab dawıs beriw arqalı qabıl etilgen jańa tahrirdagi Ózbekstan Respublikası Konstituciyasiniń 50-statyasındaǵı “Tálim shólkemlerinde bólek tálim mútajliklerine iye bolǵan balalar ushın inklyuziv tálim hám tárbiya támiyinlanadi”[5]. Konstitutsiyaǵa tazadan kiritilgen bul norma Inklyuziv tálimdi nızamlı bazasın jaratıw salasındaǵı eń tiykarǵı jańalıqlardan biri boldı.

Inklyuzivlik ushın keń tarqalǵan dáliller sonnan ibarat, mashqalalı turpayı yamasa social kemshilikleri bolǵan oqıwshılar aralas gruppalardan payda aladılar, sebebi olar social tárepten maqul túsetuǵınlaw minez-qulqlardan úyreniw múmkinshiligine iye boladılar.

Lekin tolıq inklyuziv klasslar úyreniwde qıyınshılıqlarǵa dus kelgen oqıwshılarǵa qarata ádalatsızlıqtı tuwırlaydı degen ideya úyreniw hám pikirlewdiń

quramalılıǵın hám kóplegen mayıp oqıwshılardıń kognitiv jáne social-emotsional mútajliklerin tolıq qollap-quwatlaytuǵın ortalıqta oqıw zárúr ekenligin esapqa almaydı. Inklyuziv klasslardıń maqseti tolerantlıq hám qabıllaw dárejesin asırıw bolıwı múmkin bolsa da, hám hesh bir oqıwshına mayıplıǵı sebepli basqasha munasábette bolmawi kerekligini anıq túsindiriw bolsa da, tolıq inklyuziya tek oqıtıwshılar ushın jeterli dárejede qollap-quwatlanǵan jaǵdayda ǵana isleydi hám oqıwshılar úyreniw múmkinshiligi sheklengen studentlerge tabısqa erisiw hám eń úlken potencialǵa erisiw ushın zárúr bolǵan arnawlı programmalardı alıw imkaniyatın beredi.

Juwmaq ornında sonı aytıw múmkin, inklyuziv tálim ústemshilikleri menen birge óz kemshiliklerine de iye. Biraq, mayıp balalar menen korreksion bilimlendiriwge tiyisli, tárbiyalıq, rawajlantiriuvchi jumıs aparıw, social jámiyetke adaptaciyalaw, múmkinshiliklerinen paydalanıp, óz-ózine xızmet ete alatuǵın hám jámiyetke málim dárejede nafi tegadigan etip voyaga jetkiziw hár bir mámlekettiń eń aktual máselelerinen biri esaplanadı. Sebebi, prezidentimiz SH.M.Mirziyoyevtiń sózi menen aytqanda "Hár qanday xalıqtıń ruwxıylıǵı sol jámiyette jasawshı nágiranlarǵa bolǵan itibarı menen de belgilenedi". [6]

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. A. Mamatova (2022). O'ZBEKISTONDA INKLYUZIV TA'LIM ISLOHOTLARI VA ULARNING AHAMIYATI. Science and innovation, 1 (B8), 664-669. doi: 10.5281/zenodo.7378156

2. Leijen Ä, Arcidiacono F and Baucal A (2021) The Dilemma of Inclusive Education: Inclusion for Some or Inclusion for All. Front. Psychol. 12:633066. doi: 10.3389/fpsyg.2021.633066

3. O'zbekiston Respublikasining «Ta'lim to'g'risida»gi Qonuni, 23.09.2020 // URL: https://lex.uz/docs/-5013007

4. Vazirlar Mahkamasi tomonidan 12.10.2021 yildagi «Bólek ta'lim ehtiyojlari bo'lgan bolalarga ta'lim berishga oid normativ-huquqiy hujjatlarni tasdiqlash to'g'risida»gi 638-son qaror qabul qilindi. URL: https:// www.norma.uz/oz/qonunchilikda_yangi/bolalar_uchun_inklyuziv_talim_qanday_tashkil_etiladi

5. O'zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi // URL: https://lex.uz/docs/-6445145

6. O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoyevning O'qituvchi va murabbiylar kuniga bag'ishlangan tantanali marosimdagi nutqi. 2020-yil 30-sentabr. // URL: http://marifat.uz/marifat/ruknlar/rasmiy/4939.htm

7. Omirzakov, R. (2023). CONSTITUTIONAL AND LEGAL GUARANTEES OF ENVIRONMENTAL RIGHTS OF CITIZENS OF THE REPUBLIC OF UZBEKISTAN. *Academic International Conference on Multi-Disciplinary Studies and Education*, *1*(12), 110–111. Retrieved from http://aidlix.com/index.php/us/article/view/1268

# O‘ZBEKISTONNING JSTga A’ZO BO‘LISHI INSON HUQUQLARINING YUKSALISHI VA DEMOKRATIK, IJTIMOIY DAVLAT QURISHGA ASOS

***Abdullayev Axrorjon Axadjon o‘g‘li***
*Qo‘qon Universiteti Iqtisodiyot yo‘nalishi 4-bosqich talabasi*
*e-mail: ahrorjon1611@gmail.com*

**Annotatsiya**

Ushbu maqolada O‘zbekistonning Jahon Savdo Tashkilotiga (JST) potentsial a’zo bo‘lishi mamlakat uchun iqtisodiyotni jonlantirish, inson huquqlarini mustahkamlash va demokratik, ijtimoiy davlat qurish va’dalarini bajaruvchi o‘zgaruvchan imkoniyatni taqdim etishi borasida qiziqarli ma’lumotlar berilgan. JST tamoyillari va amaliyotlarini qabul qilish orqali O‘zbekiston taraqqiyot va jamiyat taraqqiyoti uchun keng imkoniyatlarni ochib berishi mumkinligi ochib berilgan. Iqtisodiy farovonlik O‘zbekistonning JSTga a’zoligining markazida bo‘lib, jahon savdo tizimiga integratsiyalashuv bozorga chiqish imkoniyatlarini kengaytirishi, xorijiy sarmoyalarni jalb qilishi va xalqaro iqtisodiyot bilan chuqurroq aloqalarni rivojlantirishi haqida bilimlarga ega bo‘lasiz. Bu iqtisodiy faollikning oshishi yangi ish o‘rinlari yaratish, daromadlarni oshirish va o‘zbeklar uchun umumiy turmush darajasini oshirishga xizmat qiladi. Iqtisodiy manfaatlar bilan bir qatorda JSTga a’zo bo‘lish ham O‘zbekistonda inson huquqlarini ta’minlashga hissa qo‘shadi. Tashkilotning diskriminatsiyaga yo‘l qo‘ymaslik va teng munosabatda bo‘lishga urg‘u berishi asosiy huquqlar himoyasini kuchaytirib, barcha o‘zbekistonliklar bir xil imkoniyat va himoyalardan foydalanishini ta’minlaydi.

**Kalit so‘zlar**: JST, inson huquqlari, demokratiya, rivojlanish, iqtisodiyot, davlat

**Kirish:** O‘zbekistonning Jahon Savdo Tashkilotiga (JST) a’zo bo‘lishi mamlakat kelajagi uchun ulkan va’dalar beradi, uni iqtisodiy farovonlik, inson huquqlarini mustahkamlash va demokratik, ijtimoiy davlat barpo etish yo‘liga olib